

**REYOG TULUNGAGUNG**  
**(TINTINGAN WUJUD LAN PIGUNA)**

**JURNAL**



**Dening :**

**SUNU SRI MAHADI**  
082114043

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA**  
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**  
**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH**  
**2013**

## **KACA PASARUJUKAN**

Usulan panaliten dening : Sunu Sri Mahadi  
NIM : 082114043  
Irah-irahan : Reyog Tulungagung (Tintingan Wujud lan Piguna)

Jurnal iki di sarujuki lan murwat kanggo pandadaran.

Surabaya, 23 April 2013  
Dosen Pembimbing,

Drs. Sukarman, M.Si  
NIP.19641231 199002 1 003

---

# **REYOG TULUNGAGUNG**

## **(TINTINGAN WUJUD LAN PIGUNA)**

### **JURNAL**

**Dening :Sunu Sri Mahadi (082114043)**

### **ABSTRAK**

*Kesenian Reyog Tulungagung* salah sawijining kesenian tradhisi sing isih eksis ing sajroning masyarakat Tulungagung. Kesenian iki uga salah sawijining warisan leluhur kang isih ditindakake masyarakat, mligine masyarakat Tulungagung. Kesenian iki uga ngemu piguna kang becik kang bisa digawe patuladhan masyarakat ing panguripan sabendinane. Mula saka iku, kesenian iki tetep bisa eksis nganti jaman modern iki.

Undheran sajroning panaliten iki yaiku: (1) Kepriye mula bukane seni Reyog Tulungagung, (2) Kepriye wujude kesenian Reyog Tulungagung ing kabupaten Tulungagung, (3) Apa wae piguna Reyog Tulungagung tumrap masyarakat, (4) Kepriye cara nglestarekake *Kesenian Reyog Tulungagung* ing kabupaten Tulungagung.

Kanthy umum panaliten iki nduweni tujuan kango ngawruhi luwih cetha lan jero ngenani wujud lan paedah kesenian reyog ing Kabupaten Tulungagung. Dene tujuan ingkang mirunggan yaiku: (1) Ngandharake mula-bukane *Kesenian Reyog Tulungagung* ing Kabupaten Tulungagung, (2) Ngandharake wujude kesenian reyog ing Tulungagung, (3) Ngandharake piguna Reyog Tulungagung tumrap masyarakat, (4) Ngandharake cara nglestarekake Reyog Tulungagung.

Paedah saka panaliten iki yaiku: (1) Kanggo panliti asiling panaliten iki kaajab bisa menehi munpanget minangka upaya pangrembakaning budaya sajroning mrangguli kesenian dhaerah kang ana ing Indonesia, mligine Kesenian Reyog Tulungagung ing Kabupaten Tulungagung, (2) Kanggo masarakat kaajab bisa aweh sumbang surung sarta menehi pangaji kango ngurmati saengga tuwu rasa bungah lan bombong marang kesenian lan kabudayan dhaerah, (3) Kanggo instansi pamarintah bisa kango bahan rujukan ngopeni kesenian dhaerah, lan nyusun program kango ngrembakakake Kesenian Reyog Tulungagung.

Konsep teori kang cundhuk kango ngudhari masalah kang tinemu ing panaliten iki yaiku: (1) konsep budaya, (2) konsep masyarakat lan budaya Jawa, (3) konsep tradhisi lan adat istiadat, (4) konsep religi, (5) konsep folklor, (6) konsep piguna. Lelandhesan teori kango nintingi wujud *Kesenian Reyog Tulungagung* nggunakake teori wujud anggitane Danandjaja. Sarta nintingi pigunane *Kesenian Reyog Tulungagung* nggunakake teori piguna Boscom.

Panaliten ngenani *Kesenian Reyog Tulungagung* iki nggunakake ancangan panaliten deskriptif kualitatif. Data ing panaliten iki awaujud data lesan lan data barang. Data lesan arupa tembung, frase, ukara, lan wacana asiling wawancara marang informan. Data barang arupa gambar utawa asile dokumentasi saka ubarampe lan tatalaku *Kesenian Reyog Tulungagung*. Data kasebut antuk lumantar metode lan teknik observasi, wawancara, lan dokumentasi. Tatacara analisis data ing panaliten iki nggunakake *open coding*, *axial coding*, lan *selective coding*.

Asiling panaliten saka *Kesenian Reyog Tulungagung* yaiku kesenian tari sing gerak tarine dijupuk saka proses prajurit utusan raja Jathasura nalika mboyong putri saka Kediri yaiku Dewi Kilisuci. Gerak baris prajurit sing mujudake prajurit sing lagi nggawa bevana panjaluke dewi Kilisuci, banjur menthokan sing mujudake prajurit lagi masrahake bevana, ngungak sumur sing mujudake prajurit sing lagi ngungak sumur ndeleng Dewi Kilisuci nyemplung sumur.

Sakliyane kuwi wujud piranti *Kesenian Reyog Tulungagung* dijupuk saka panjaluke Dewi Kilisuci marang prajurit utusan Jathasura yen kepengin mboyong dheweke. Piranti kasebut kayata mata pitik tukung gedhene sak terbang miring ditegesi gong kempul, digantung ing gubuk penceng ditegesi gayor, mula dadi wujud gong kempul sing digantung ing gayor, *seruling* wit pari gedhene sak wit klapa diwujudake minangka selompret. Dhendheng tuma saktetelan pulut (piranti kanggo ndeplok jadah) diwujudake kenong. Ati tengu gedhene sakguling diwujudake iker. Madu lanceng 6 bumbungdiwujudake dhodhog (bumbung) sing kabehe 6. Binggel emas sing isa muni dhewe diwujudake gongseng.

*Kesenian Reyog Tulungagung* uga nduweni piguna tumrap masyarakat. Piguna kasebut yaiku minangka (1) Sistem proyeksi masyarakat, (2) Sarana ngesahake pranata lan lembaga kabudayan, (3) Sarana pendidikan, (4) Piranti meksa lan ngawasi supaya pranata ing masyarakat tetep diugemi lan ditindhakake, lan (5) piranti ngraketake paseduluran, (6) Sarana pangupajiwa.

Kanggo njaga lestarine *Kesenian Reyog Tulungagung* supaya tetep lestari, mula kudu ana cara kanggo nglestarekake Reyog Tulungagung. Cara kang bisa ditindakake yaiku (1) *Kesenian Reyog Tulungagung* didadekakeadicara taunan, (2) *Kesenian Reyog Tulungagung* dikenalake marang masyarakat, lan (3) Ndadekake para mudha dadi anggota *Kesenian Reyog Tulungagung*.

## A. PURWAKA

Saben bangsa ing ndonya tansah nduweni kabudayan kang beda-beda karo bangsa liyane. Iki nuduhake yen kawruh, pola pikir, lan sejarah saben bangsa ora padha antarane siji lan sijine. Semono uga bangsa Indonesia, kang ngenut aliran *pluralismsajroning urip bebrayan*. Sudikan (2001:4) ngandharake yen masyarakat Indonesia minangka masyarakat *majemuk* kang kaperang saka suku bangsa, agama, ras, kepercayaan lan adat-istiadat kang maneka warna. Babagan iku mau sing gawe regenging kabudayan bangsa.

Kaya dene ing masyarakat ing Kabupaten Tulungagung, Provinsi Jawa Timur, uga dikenal minangka masyarakat sing nganti saiki isih ngugemi nindakake tradhisi iki. Salah sawijining tradhisi sing isih dilaksanakake yaiku pagelaran Reyog Tulungagung uga gawe acara kang mirunggan kayadene acara bersih desa, lomba pitulasan, mantenan lan uga acara sunatan bocah.

Ewadene kang dadi ciri khase kanggo nganakake acara-acara sing mirunggan yaiku tansah nggelar seni reyog Tulungagung. Seni Reyog Tulungagung minangka kesenian tradhisional lan tinggalan para leluhur. Sajroning acara-acara kang mirunggan ing Kabupaten

Tulungagung, kesenian Reyog Tulungagung dadi bageyan kang wigati lan mesti tansah ana. Saperangan masyarakat kabupaten Tulungagung nganti tumeka saiki isih mitayani, yen tanpa nganakake pasugatan seni reyog Tulungagung sajroning acara-acara sing mirunggan, kamangka dikuwatirake mengko anane reyog Tulungagung bisa ilang saka masyarakat Tulungagung dhewe. Soiran minangka sesepuh lan budayawan sarta seniman daerah kabupaten Tulungagung ngandharake yen reyog Tulungagung minangka kesenian tradisional sing diwarisake dening para leluhur kanggo para turune supaya masyarakat Tulungagung bisa guyub lan rukun.

Adhedasar andharan ing ndhuwur, tuwuhan saperangan bab kang narik kawigaten, apa maneh digayutake karo prakara-prakara acara tontonan masyarakat. Mula saka iku, ing kalodhangan iki, panliti rumangsa kasengsem marang reyog lan kepentin ngrembug lan njelentrehake luwih rowa ngenani *existensi* Reyog Tulungagung ing kabupaten Tulungagung. Saliyane iku, amarga ngelingi yen topik iki sak pangertene panliti durung nate karembug, saengga ing panliten iki dikarepake bisa aweh sumbang surung sarta bisa diweruhi ing bebrayan agung lan para sutresna budaya ngenani seni reyog.

## B. ANDHARAN

Teori folklor Danandjaja kanggo nintingi wujud kesenian Reyog Tulungagung. Miturut Danandjaja folklor diperang dadi telu yaiku : 1) folklor lisan yaiku folklor kang wujude nyata lisan, kaya dene; basa rakyat, lelagon rakyat, guritan uga pitutur tradisional, 2) folklor setengah lisan yaiku folklor kang wujude saka campuran unsur lisan lan unsur dudu lisan, kaya dene; keyakinan bebrayan, dolanan, drama rakyat, tari rakyat, upacara, pesta rakyat lan sapanunggalane, 3) folklor dudu lisan yaiku folklor kang wujude ora lisansenajan cara gawene diwulangne kanthi lisan, tuladhane kaya dene; arsitektur rakyat, krajinan tangan rakyat, sandhangan, panganan lan omben rakyat, obat-obatan tradisional, alat musik, lan seni krajinan rakyat sarta kang dudu arupa material.

Piguna kesenian Reyog Tulungagung nggunakake teori piguna andharane Bascom. Miturut Bascom pigunane folklor yaiku a) minangka sistem proyeksi, yaiku minangka piranti kacobenggalaning angen-angen bebrayan, b) minangka piranti kang dipaugeri pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, c) minangka piranti pendhidhikan, d) minangka piranti kanggo

ngontrol lan ngawasi aturan-aturan bebrayan supaya tetep diugemi, e) piranti kanggo ngraketake paseduluran sajroning kelompok.

Saben kabudayan antara siji lan sijine nduweni tatalaku kang beda-beda. Semono uga Reyog Tulungagung nduweni tatalaku kang beda karo budaya liya. Babagan iki bakal diandharake luwih cetha ing ngisor iki.

## **1) Tatalaku Kesenian Reyog Tulungagung**

Tatalaku Kesenian Reyog Tulungagung bisa diperang dadi loro yaikuadicara slametan lanadicara gebyakan. Supaya luwih cetha bakal diandharake ing ngisor iki.

### a) Adicara Slametan

Slametan ing kene minangka wujud panyuwun marang Gusti Pangeran amarga pagelaran Reyog arep diiwiti. Nalika ditindakake slametan para pendherek kesenian Reyog Tulungagung kumpul ing omahe warga sing nganakake pagelaran bebarengan karo warga sacedhake omah. Para pendherek slametan padha lungguh sila ngubengi ubarampe kang wus ditata sadurunge.

Adicara slametan iki dipimpin dening sesepuh desa.Ubarampe ing kene nduweni sipat wajib, jalaran saliyane nuduhake rasa syukur marang Gusti Pangeran uga kanggo ngraketake sesambungan marang warga. Sawise slametan, ubarampe diandum marang pendherek slametan. Ubarampe kang digunakake ing slametan iki yaiku: (1) sega gurih lan sega wara, (2) bubur sengkala, (3) sega punar, (4) buceng robyong, (5) buceng kuwat, (6) sega golong, (7) ingkung, (8) lawuhan, (9) sajen gedhang raja setangkep lan kembang telon. Ubarampe iki minangka symbol kekarepan sing nduweni kajat tumrap pagelaran Reyog Tulungagung.

Sawise dedonga, sesepuh desa masrahake marang warga pendherek slametan supaya ubarampe mau diandum rata. Para pendherek ngracik ubarampe mau banjur diandum siji-siji marang warga.Banjur slametan dipungkasi kanthi salam-salaman antarane para pendherek slametan.

### b) Adicara Gebyakan

Gebyakan asale saka basa jawa oleh panambang –an kang nduweni teges pentas kang ditindakake sepisan nalika dumadine sawijining paguyuban. Kanthi anane owah-gingsire jaman, wong jawa nyebut saben pentas kanthi gebyakan. Ing jaman biyen gebyakan nduweni tujuan

supaya masyarakat weruh yen ana paguyusan Reyog anyar, kanthi mangkono Reyog iku bisa dikenal lan moncar sajroning masyarakat.

Gebyakan ing Kesenian Reyog Tulungagung iki dianakake ing pekarangan warga sing lagi nggelar pentas Reyog Tulungagung. Panggung didegake madhep menyang sing omahe sing nduwe gawe. Panggung iku mau ora digawe pentas para penarai, nanging digawe papan juru tabuh piranti pangiring pentas lan sinden. Para penari pentas ana ing sangarepe panggung.

Piranti pangiring uga nganggo piranti khusus khusus kanggo pentas reyogan.Kang kaperang saka kenong, kempul, slompret. Saliyane iku ora kalah penting yaiku anane sinden sing nambahi rame swasana Reyogan. Urutan penyajian saka pentas Kesenian reyog Tulungagung yaiku mung 6 penari Reyog. Beda karo penari jaranan sing cacahe ana akeh lan nduweni pirang-pirang babak. Reyog Tulungagung mung nduweni sababak pentas.

Pentas Reyogan iki lumaku watara 30 menitan.Gebyakan diwiwi kanthiananesawijining sesepuh kang ngucap dedonga ing sangarepe sajen. Sajen kang dicepakake ingadicara gebyakan yaiku: (1) cok bakal, (2) kinang, (3) bendhen, (4) kembang keanga, (5) menyan diobong.

Banjur keprungu swara tetabuhan saka panggung, pratandha yen penari reyog arep metu.Sanalika metu 6 penari reyogan.Ing pentas Reyog Tulungagung cacahe penarine paling ora kudu 6 penari. Penari kasebut menehi salam marang sing nanggap reyogan banjur marang warga sing nonton kesenian kasebut. Umume sing nari reyogan bocah-bocah wadon sing isih ayu kanggo narik kawigaten para penonton. Banjur dibacutake kanthi nari bebarengan lan gerakan kang uga padha. Kaya sing wus diandharake ing bab ndhuwur gerak tari sajroning Reyog Tulungagung nduweni urut-urutan yaiku (1) Gerak baris, (2) gerak hormat, (3) patetan, (4) gembyangan, (5) menthogan, (6) mendhak, (7) gejoh bumi, (8) ngungak sumur, (9) kejang, (10) midak kecik, (11) sembahana panutup (hormat). Babagan ing ndhuwur iku mau cundhuk karo crita mula bukane Reyog Tulungagung sing nggambareke prajurit utusan sing nggawa sesembahan utawa bebana. Sawise para penari mari jejogedan biasane acara dibacutake kanthi tetembangan saka sinden-sinden kanggo hiburane para penonton sing wus teka nganti adicara mau rampung.Ing ngisor iki bakal diandharake urutan tatalaku pentas Reyog Tulungagung saka wiwitan nganti pungkasan.

### 1) Baris wiwitan

Baris wiwitan mujudake prajurit baris nggawa piranti-pranti ( bebana ) panjaluke sang putri. Baris wiwitan nduweni makna yen kita nduweni tujuan kudu nyawiji dadi siji saka supaya bisa kawujud apa sing dadi tujuane mau.

Baris wiwitan sajroning Kesenian mujudake pola awal saka pentas Kesenian Reyog Tulungagung. Baris wiwitan nggamarake prajurit sing arep budhal menehake bevana panjaluke Dewi Kilisuci.

### 2) Menthokan ( mundhuk-mundhuk )

Menthokan mujudake gerak kurmat menehake piranti-piranti ( bebana ), prajurit kaya wong jongkok aweh pakurmatan marang sang putri. Menthokan nduweni makna kita minangka manungsa kudu nduweni sipat andhap asor utawa wani ngalah.

Menthokan sajroning Kesenian Reyog Tulungagung mujudake pakuramatatan marang sing nganakake pentas Reyog Tulungagung. Para pemain njoged mundhuk-mundhuk kaya menthok mlaku aweh.

### 3) Pathetan

Pathetan mujudake rasa hormat marang sang putri nalika piranti-piranti mau wis dipasrahake marang sang putri. Pathetan nduweni makna minangka manungsa kita kudu nduweni sipat sopan lan santun ing urip bebrayan.

Pathetan sajroning Kesenian Reyog Tulungagung sipat sing sopan lan santun sajroning urip bebrayan. Saliyane iku uga mujudake rasa sopan lan santun kang ana ing para panyengkuyung Kesenian Reyog Tulungagung tansah diugemi kanthi apik.

### 4) Kejeng

Kejeng mujudake amarga sumur sing jero banget jogede nggamarake prajurit sing lagi ngungak sumur nganti para prajurit padha jinjit padha ngungak sajroning sumur. Pathetan nduweni makna sajroning nindakake samubarang kudu dipikir luwih dhisik supaya ora kuciwa ing tembe mburine.

Kejang sajroning Kesenian Reyog Tulungagung nduweni makna sajroning tumindak kudu dipikir dhisik supaya ora kuciwa ing tembe mburine. Saliyane iku tumrap panyengkuyung kudu sing ati-ati supaya kabeh sing ditindakake nalika pentas bisa lancar.

#### 5) Lilingan

Lilingan mujudake piranti-piranti sing ditrima sang putri diperiksa lan para prajurit ndelok mubeng piranti-piranti sing lagi dipriksa sang putri. Lilingan nduweni makna manungsa kudu padha ngelingake babagan sing becik marang bebrayan liyane.

Lilingan sajroning Kesenian Reyog Tulungagung tumrap mastarakat panyengkuyunge bisa padha ngelingake kabecikan ing bebrayan. Babagan iku diajab bisa nyawijikake masyarakat panyengkuyung Kesenian Reyog Tulungagung supaya bisa lestari.

#### 6) Ngungak Sumur

Ngungak sumur mujudake piranti sing dipasrahne wis cocok lan ditrima dening putri amarga iku kanggo nulak lamaran sing digawa para prajurit mau, sang putri banjur khianat yaiku nggawe boneka sing nganggo klambi putih sing memper putri banjur nylempung sumur lan sautara kuwi para prajurit bebarengan ndelok sajroning sumur. Ngungak sumur nduweni makna urip ing ndonya kudu tansah ngati-ati, aja gampang percaya yen ana pawarta sing durung mesti bener lan orane kudu dideleng dhisek.

Ngungak sumur sajroning Kesenian Reyog Tulungagung nduweni makna urip ing ndonya tansah ngati-ati, aja gampang percaya karo babagan sing durung mesti benere. Saliyane iku tumrap masyarakat panyengkuyung Kesenian Reyog Tulungagung rasa ngati-ati kudu diugemi supaya anane ora gampang pecah lan tetep nyawiji antarane pawongan siji lan sijine.

#### 7) Gejoh Bumi

Gejoh bumi mujudake prajurit sing lagi semedi gedhuk lemah kaping papat madhep arah kaping papat, siji kidul, loro wetan, telu lor, papat kulon. Mujudake piranti-piranti ( bebana ) sing digawa diridhoi Gusti bisa ditrima sang putri. Gejoh bumi nduweni makna kabeh tumindak kudu diwiwiti karo dedonga supaya oleh pangayoman saka Gusti Pangeran.

Gejoh bumi sajroning Kesenian Reyog Tulungagung Gejoh bumi nduweni makna sapa wae sing arep nglakoni panggaweyan tansah kudu dedonga marang Gusti Pangeran. Saliyane iku

tumrap masyarakat panyengkuyung reyog, dedonga sadurunge pentas wajib kalaksanan, amarga para panyengkuyung antuk pangayoman saka Gusti Pangeran uga gawe lancareng pentas.

#### 8) Midak Kecik

Midak kecik Mujudake sikil para prajurit sing gedruk lemah noleh kiwa lan tengan amarga seneng bebanane ditrima dening sang putri. Midak kecik nduweni makna kabeh manungsa sing urip ing ndonya tansah pinaringan pacoban saka Gusti Pangeran. Mula saka kuwi kudu lila legawa nindakake apa kang dadi pacobane.

Midak kecik sajroning Kesenian Reyog Tulungagung nduweni makna ing sajroning nyengkuyung Kesenian Reyog Tulungagung mesti oleh pacoban saka Gusti Pangeran. Mula saka kuwi kudu tansah lila legawa bebarengan nyuwun marang Gusti Pangeran supaya diparingi lancar anggone nguri-uri Kesenian Reyog Tulungagung.

#### 9) Sundhangan

Sundhangan mujudake sang prajurit sing lagi nyuwun pandonga marang bumi langit yaiku sang ibu bumi, bapa Sang Pangeran supaya ditrima sesembahane. Sundhangan nduweni makna manungsa kudu eling awan lan bengi marang bumi sing wus nguripi manungsa lan marang Gusti Pangeran sing wus menehi urip marang manungsa.

Sundhangan sajroning Kesenian Reyog Tulungagung nduweni makna minangka para panyengkuyung Kesenian Reyog Tulungagung kudu tansah eling marang Gusti Pangeran, kudu ngucap syukur anane Reyog Tulungagung bisa lestari.

#### 10) Andhul

Andhul mujudake senenge prajurit amarga sesembahane wis ditrima dening Dewi Kilisuci. Andhul nduweni makna minangka manungsa kudu wicaksana anggone nglakoni urip, maju kanggo babagan sing bener, mundhur kanggo babagan sing salah. kaya obahing sikil sing lagi andhul maju mundhur.

Andhul sajroning Kesenian Reyog Tulungagung nduweni makna nglestarekake Kesenian Reyog Tulungagung iku barang sing bener. Mula saka kuwi minangka panyengkuyung kesenian kudu maju bebarengan gawe lestarine Kesenian Reyog Tulungagung. Yen ana tumindak sing bener kudu wani mundhur supaya bisa njaga lestarine Kesenian Reyog Tulungagung.

## 11) Gembyangan

Gembyangan mujudake Dewi Kilisuci sing lampus diri amarga para prajurit nganggep yen putri wis tiwas banjur para prajurit madhep malik balik mulih. Gembyangan nduweni makna minangka pemimpin kudu bisa menehi pituladhan sing apik marang sapadha saka ngendhi wae kaya dene bebasan Ing Ngarsa Sung Tuladha, Ing Ngarsa Mangun Karsa, Tut Wuri Handayani.

Gembyangan sajroning Kesenian Reyog Tulungagung nduweni makna mingka pemimpin kudu bisa menehi pituladhan sing apik marang sapa wae. Saka pemimpin sing apik Kesenian Reyog Tulungagung uga bisa dadi ngrembaka ing Kabupaten Tulungagung.

## 12) Baris pungkasan

Baris pungkasan mujudake para prajurit baris mulih tanpa oleh apa-apa. Amarga Dewi Kilisuci wus lampus diri nyemplung slumur ing sapucuking gunung Kelud. Baris pungkasa nduweni makna minangka manungsa sawise tumindak apa wae kudu tansah ngucap syukur marang Gusti Pangeran.

Andharan kasebut nggambarake urut-urutane tatalaku Reyog Tulungagung tekan wiwitan nganti pungkasan. Beda karo Reyog Ponorogo utawa Jaranan sing nduweni babak akeh. Yen Reyog Tulungagung mung bevana sing digawa para prajurit sing nggawa bevana kanggo sesembahan. Saka andharan-andharan ing ndhuwur bisa didudut yenadicara gebyakan Reyog Tulungagung minangka wujud panglestarine budhaya lan uga minangka sarana kanggo menehi hiburan marang masyarakat.

## 2) Pigunane Kesenian Reyog Tulungagung ing Kabupaten Tulungagung

Adhedhasar andharan ing nduwur, kanggo ngandharake piguna kesenian Reyog Tulungagung tumrap masyarakat Tulungagung digunakake teori piguna andharane Bascom. Miturut Bascom pigunane Folklor yaiku a) minangka sistem proyeksi, yaiku minangka piranti kacabenggalaning angen-angen bebrayan, b) minangka piranti kang dipaugeri pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, c) minangka piranti pendhidhikan, d) minangka piranti kanggo ngontrol lan ngawasi aturan-aturan bebrayan supaya tetep diugemi,e) piranti kanggo ngraketake paseduluran sajroning kelompok. Saliyane sing diandharake dening Boscom, ana maneh piguna liya kayata sarana hiburan, sarana politik lan sarana nguri-uri kabudayan.

### **3) Cara Nglestarekake Kesenian Reyog Tulungagung**

Kesenian Reyog Tulungagung perlu dilestarekake dening masyarakat Tulungagung supaya ora ilang kalah karo kabudayan modern sing saiki saya tambah akeh. Supaya Kesenian Reyog Tulunaggung iki bisa eksis ana saperangan cara kang bisa ditindakake kaya ta.

a) Didadekake Adicara Taunan.

Kesenian Reyog Tulungagung wis lumaku turun temurun awit jaman mbiyen nganti saiki. Kanggo njaga kesenian iki supaya tetep eksis, pemerintah nganakake lomba Kesenian reyog Tulungagung saben taun ing sasi Agustus karo ngingeti dino kamardikan. Para peserta lomba yaiku para siswa mulai tekan SD, SMP lan SMA sing nduweni tujuan supaya generasi enom tetep nguri-uri kesenian khas dhaerahe yaiku Tulungagung.

b) Dikenalake Marang Masyarakat.

Ing jaman sarwa modern iki akeh generasi mudha kang ngenut marang budaya manca lan ninggalake budayane dhewe sing perlu diuri-uri. Mula saka kuwi Kesenian Reyog Tulungagung perlu dikenalake marang masyarakat khususe para mudha. Supaya para generasi sing isih enom iki mangeteni apa sejatine tujuan dianakake Kesenian Reyog Tulungagung.

c) Ndadekake Para Mudha dadi Anggota Kesenian Reyogan.

Kanggo ndadekake Kesenian Reyog Tulungagung supaya tetep eksis, wigati banget marang generasi enom kanggo ngelestarekake keseniane. Mula saka kuwi para pendherik Kesenian Reyog Tulungagung sing wis tuwa padha ngusulake yen ta saben sekolahana kudu nduweni grup Kesenian Reyog Tulungagung wiwit saka SD, SMP, lan SMA. Amarga liwat sekolahana paling gampang kanggo menehi panggulawentahanan ngajak uga meksa generasi mudha supaya melu dadi anggota Kesenian Reyog Tulungagung.

## **C. PANUTUP**

Adhedhasar andharan asiling panaliten tumrap Kesenian Reyog Tulungagung. Mula bukane Kesenian Reyog Tulungagung yaiku saka crita saka Kediri nalika raja Jathasura kepengen mboyong putri Kediri yaiku Dewi Kilisuci. Banjur Jathasura ngongkon prajurit marang

Kediri kanggo mboyong Kilisuci. Nanging Kilisuci menehi sarat kanggo para prajurit sing kepengin mboyong dheweke. Sarat kuwi nduweni tujuan kanggo nulak kanthi alus para prajurit utusan raja Jathasura.

Wujud saka Kesenian Reyog Tulungagung yaiku kesenian tari sing gerak tarine dijupuk saka proses prajurit utusan raja Jathasura nalika mboyong putri saka Kediri yaiku Dewi Kilisuci. Gerak baris prajurit sing mujudake prajurit sing lagi nggawa bevana panjaluke dewi Kilisuci, banjur menthokan sing mujudake prajurit lagi masrahake bevana, ngungak sumur sing mujudake prajurit sing lagi ngungak sumur ndeleng Dewi Kilisuci nyemplung sumur.

Sakliyane kuwi wujud piranti Kesenian Reyog Tulungagung dijupuk saka panjaluke Dewi Kilisuci marang prajurit utusan Jathasura yen kepengen mboyong dheweke. Piranti kasebut kayata mata pitik tukung gedhene sak terbang miring diartekne gong kempul, digantung ing gubuk penceng diartekne gayor, mula dadi wujud gong kempul sing digantung ing gayor, Seruling wit pari gedhene sak wit klapa diwujudake minangka selompret. Dhendheng tuma saktetelan pulut (piranti kanggo numruk jadah) diwujudake kenong. Ati tengu gedhene sak guling diwujudake iker. Madu lancing 6 bumbungdiwujudakedhodhog (bungbung)singkabehe 6.Binggel emas sing isa muni dhewe diwujudakegongseng.

Kesenian Reyog Tulungagung uga nduweni piguna tumrap masyarakat. Piguna kasebut yaiku minangka (1) sistem proyeksi masyarakat, (2) sarana ngesahake pranata lan lembaga kabudayan, (3) sarana pendidikan, (4) piranti meksa lan ngawasi supaya pranata ing masyarakat tetep diugemi lan ditindhakake, lan (5) piranti ngraketake paseduluran (6) sarana pangupajiwa.

Kanggo njaga eksistensi Kesenian Reyog Tulungagung supaya tetep lestari, mula kudu ana cara kanggo njaga eksistensi Reyog Tulungagung. Cara kang bisa ditindhakake yaiku (1) Kesenian Reyog Tulungagung didadekakeadicara taunan, (2) Kesenian Reyog Tulungagung dikenalake marang masyarakat, (3) ndadekake para mudha dadi anggota Kesenian Reyog Tulungagung.Cara-cara iku mau bisa gawe njaga supaya Kesenian Reyog Tulungagung tetep bisa eksis ing Kabupaten Tulungagung.

## 1) Saran

Kesenian Reyog Tulungagung minangka peranganing kabudayan nuswantara kang perlu dilestarekake lan dijaga eksistensine. Ora mung saka grup-grup seni wae nanging pamarintah kudu melu cawe-cawe sajroning ngelestarekake Kesenian Reyog Tulungagung. Saka masyarakat

Tulungagung dhewe kudu tansah ngrumangsani yen melu nduwe Kesenian Reyog Tulungagung lan melu nguri-uri anane kesenian reyogan iki supaya ora ilang dipangan gingsire jaman.

Warga masyarakat lumantar grup-grup senine lan pemerintah lumantar Dinas Kebudayaan diajab bisa ndadekake Kesenian Reyog Tulungagung luwih ngrembaka supaya dikenal masyarakat Tulungagung luwih-luwih generasi enom. Syukur bisa tekan mancanegara.

## KAPUSTAKAN

- Afifudin. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Pustaka Setia.
- Danandjaja, James. 2007. *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Dharsono. 2007. *Budaya Nusantara*. Bandung: Rekayasa Sains Bandung.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode, Teori ,Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Geerz, Clifford. 1981. *Abangan, Santri, Priyayi dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Utama.
- Herusatoto, Budiono. 1984. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Jakarta: Intidayu Press.
- Herusatoto, Budiono. 2008. *Simbolisme Jawa*. Yogyakarta: Ombak.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara Yang Tak Terlupakan, Pengantar Studi Sastra Lisan*. Surabaya: HISKI.
- Ihroni, T.O. 1999. *Pokok-pokok Antropologi Budaya*. Jakarta. Yayasan Obor Indonesia.
- Koenjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- \_\_\_\_\_. 1986. *Metode Wawancara dalam Metode-Metode Penelitian Masyarakat*. Jakarta: Gramedia.
- \_\_\_\_\_. 1987. *Kebudayaan, Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.
- \_\_\_\_\_. 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Citra.
- \_\_\_\_\_. 1999. *Manusia dan Kebudayaan di Indonesia*. Jakarta: Djambatan.
- Kuntjara, Esther. 2006. *Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: Tiara Ilmu.

- Luxembrug, Jan Van. 1992. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Maryaeni. 2005. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Rohidi, Tjetjep Rohendi. 2000. *Ekspresi Seni Orang Miskin*. Bandung: Nuansa.
- Soedarsono. 1986. *Kesenian, bahasa, dan Folklor Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Spadley, James P. 1997. *Metode Etnografi*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana.
- Sugiyono. 2008. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif dan R & D*. Bandung: Alfabeta.
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa (Antropologi Budaya)*. Surabaya: Fakultas Bahasa dan Seni UNESA.
- Tim Peneliti Sejarah. 1971. *Sejarah dan Babat Tulungagung*. Tulungagung: Pariwisata dan Kebudayaan Kabupaten Tulungagung.
- Tim Penyusun Kamus. 2001. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta: Kanisius.
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Dunia Pustaka Jaya-Girimukti Pasaka.